НэгъуэщI зы щапхъи. Къардэн Бэдыр ди кьуажэм щыщ хьэщIэ иIэт. Ар ФатIимэ-гуащэ и пащхьэ иримышэмэ и жагъуэ зэррыхъунур ищIэрти, дынеблагъэ хъуну, жиIэри хьыбар иригъэщIащ. «Хъунущ, хъунущ!» - и гуапэ хъуащ модрейми. Арати, хьэщIэхэм уэзджьынэр кьагъаджэу етIуанэ кьатым кьыщыдэкIуеям, ФатIимэ-гуащэ бжэм деж щыIт, абыхэм ежьэу. Мо тIур кьыщыщIыхьэм, ФатIимэ-гуащэ Бэдыр зыхуигъазэри еупщIащ: «Адыгэ хьэщIэ кьызэпIэшэу вакIэпIатэхъэ, дэнэ щыIэ?» Бэдыр Iукlуэтри, и щIыбагъым сагъыз игъэнышкIу, джанэ Iэщхьэ кIэщ щыигъу дэт щIалэр кьригъэлъэсуащ: «Мис!»

«ИгъащIэм жэмым хуэдэу жьэгъуашхэ адыгэ сльэгъуакъым, - иридзащ абы ФатIимэ-гуащэ. - Фыкъеблагъэ!»

ФIыуэ кьызэрысхущыткр ящIэрти, куэд кьыскхуэтхьэусыхэрт а бзыльхъугъэ жьакIуэм теухуауэ. Арати, зэгуэрым жесIащ: «Адыгэхэр кьебгъэблагъэну пфIэфIщ, фIыуи уахущытщ, ауэ псоми зэхахьу дзы зэрафIэпщыр я жагъуэ мэхъу».

«Сэ абыхэм сраанэ пльытэщ, - кьызэитащ абы жэуап. - Сэ яжесмыIэмэ, хэт кьажезыIэнур? Ауэрэ ди хабзэр тфIэкIуэдыжмэ, зыри кьытхэнэжьнукъым. Адыгэ хабзэм дуней псом Iэдэбу щызекIуэр хэльщ. Скотланд-Ярд нэгъунэ щIэзокIуэ адыгэ хабзэр!»

«Прогрессу» кьыпфIэщIым и уасэр

ДИ ЛЪЭПКЪЫМ и пщэдейрей мазхуэр зэрызмылъагъум, псом хуэмыдэу лъэпкъ хабзэмрэ кьызызкIапкIэ Iэщlыб зыщIыпэ адыгэ щIалэгъуалэм я щытыкIэм сыщIигъэгъазэм, сыт хуэдэ Iэмал кьэбгъэщхьапэ хьуну пIэрэ, сэри абы сыт хуэдэ щIыкIэу сыхэувэфыну пIэрэ жысIэу сыгупсысэн щIэздзащ а «дэхуэхьиныгъэр» кьэзгъэувыIэн, адыгэ цIыхубэм зыкьеззгъэужьыкьын папщIэ.

Псом япэ Патерсон (Нью-Джерси) щызэхэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэ цIыкIм нэхъ гъунэгъу зыхуэсщIыну мурад сщIащ. А лъэхъэнэм Америкэ Хасэм хэтэгъэр нэхъыбэу зи ныбжь хэкIуэта цIыхухэт, я нэхъыбэм унагъуэ ямыуху-хуауэ, е я цьхьэгъуэхэр нэгъуэщI лъэпкъым щыщхэу. КъинэмыщIауэ, абы хэтэхэр зауэ нэхъыкIи зэгъуэгу Германием щыпсэууэ, итIанэ Америкэм къэIэпхъуэжа гупт, зэгухьэныгъэхэм щызэхэзэнырр яфIэфIу. ЩауэпщIыкъуэ Чэрим, Бзаущ Руслан, Куэбла Борис сымэ я унагъуэхэм фIэкIа адэри анэри щыадзэгъ унагъуэ щыIэтэкъым, адрейхэр лъэпкъитIу зэхэтт. Абы кьыхэкIыу, адыгэхэр кьэгъаз эмыIэу хамэм хэшыпсыхьыкIынкI зэрыхъунур кьафIэIуэхутэкъым абыхэм. Патерсонрэ абы и Iэгъуэблагъэмрэ щыпсэу икIи щылажьэ ди Хасэм щыIэхуэсхэм а бзылъхьым дызэрыпсэщIэтыну щIыкIэр кьэитхуэщIэртэкъым.

Кавказ Ищхъэрэм щыщ зэгуэхьныгъэхэм я лэжьэкIэм хуэм-хуэмурэ сыкIэпхьылIащ. Нью-Йоркрэ абы кьедза кьалэ нэхъ цIыкIухэмрэ куэд щIауэ щыпсэухэм я хасэхэм я унафэщIыр адыгэ гуащэ Натырбэ ФатIимэрэ куржы щIалэ Эристани Сидамонрэт. Эристани Поуркипси щы кьыщищэхури, зэхуэсыпIэ яхуэхъун хьэщIэщышхуэ щиухуат абы. А унэм пщыхьэщхьэшхэхэр, джэгуэхэр кьыщызэрагъэпэщырт. Зыгъэпсэхугъуэ зэманыр абы щызыгъэкIуэну зыфIэфIхэм ящыщу а Зэгуэхьныгъэм хэтхэм фIэкIа унэр яриттэкъым. Ауэ гу лъыптэрт ахэр зыри къызыфIэмыIуэху адэ-анэм я зэранкIэ хамэм яхэшыпсыкIы зи бзэр зыщыгъупщэжыпа щIалэгъуалэм я бэлыхьым зэримыукIыр. Ди хабзэри, ди бзэри, адрейхэм дакьыхэзыгъэщхьэхукI лъэпкъ нэщэнхээри хэкIуэдэжьын шынагъуэ зэрыщыIэр зэхэзгъэхьыфыртэкъым, расэхэри, лъэпкъхэри, щэнжабзэхэри, хьэщIэщым кьыщыщригъэблагъэм, щIалэм зригъэщIеикIауэ, ныкъуэщIыпу тэхтэбаным зэрисыр игу темыхуэу зэрепсальэр: «Сыт, ви нэхъей, ущIыщIытыр? Уи пкъыр зыыгъын кьупщхьэ пхэмылъыжу ара?»

НэгъуэщI зы щапхъи. Къардэн Бэдыр ди кьуажэм щыщ хьэщIэ иIэт. Ар ФатIимэ-гуащэ и пащхьэ иримышэмэ и жагъуэ зэррыхъунур ищIэрти, дынеблагъэ хъуну, жиIэри хьыбар иригъэщIащ. «Хъунущ, хъунущ!» - и гуапэ хъуащ модрейми. Арати, хьэщIэхэм уэзджьынэр кьагъаджэу етIуанэ кьатым кьыщыдэкIуеям, ФатIимэ-гуащэ бжэм деж щыIт, абыхэм ежьэу. Мо тIур кьыщыщIыхьэм, ФатIимэ-гуащэ Бэдыр зыхуигъазэри еупщIащ: «Адыгэ хьэщIэ кьызэпIэшэу вакIэпIатэхъэ, дэнэ щыIэ?» Бэдыр Iукlуэтри, и щIыбагъым сагъыз игъэнышкIу, джанэ Iэщхьэ кIэщ щыигъу дэт щIалэр кьригъэлъэсуащ: «Мис!»

«ИгъащIэм жэмым хуэдэу жьэгъуашхэ адыгэ сльэгъуакъым, - иридзащ абы ФатIимэ-гуащэ. - Фыкъеблагъэ!»

ФIыуэ кьызэрысхущыткр ящIэрти, куэд кьыскхуэтхьэусыхэрт а бзылъхьугъэ жьакIуэм теухуауэ. Арати, зэгуэрым жесIащ: «Адыгэхэр кьебгъэблагъэну пфIэфIщ, фIыуи уахущытщ, ауэ псоми зэхахьу дзы зэрафIэпщыр я жагъуэ мэхъу».

«Сэ абыхэм сраанэ пльытэщ, - кьызэитащ абы жэуап. - Сэ яжесмыIэмэ, хэт кьажезыIэнур? Ауэрэ ди хабзэр тфIэкIуэдыжмэ, зыри кьытхэнэжьнукъым. Адыгэ хабзэм дуней псом Iэдэбу щызекIуэр хэльщ. Скотланд-Ярд нэгъунэ щIэзокIуэ адыгэ хабзэр!»

«Прогрессу» кьыпфIэщIым и уасэр

ДИ ЛЪЭПКЪЫМ и пщэдейрей мазхуэр зэрызмылъагъум, псом хуэмыдэу лъэпкъ хабзэмрэ кьызызкIапкIэ Iэщlыб зыщIыпэ адыгэ щIалэгъуалэм я щытыкIэм сыщIигъэгъазэм, сыт хуэдэ Iэмал кьэбгъэщхьапэ хьуну пIэрэ, сэри абы сыт хуэдэ щIыкIэу сыхэувэфыну пIэрэ жысIэу сыгупсысэн щIэздзащ а «дэхуэхьиныгъэр» кьэзгъэувыIэн, адыгэ цIыхубэм зыкьеззгъэужьыкьын папщIэ.

Псом япэ Патерсон (Нью-Джерси) щызэхэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэ цIыкIм нэхъ гъунэгъу зыхуэсщIыну мурад сщIащ. А лъэхъэнэм Америкэ Хасэм хэтэгъэр нэхъыбэу зи ныбжь хэкIуэта цIыхухэт, я нэхъыбэм унагъуэ ямыуху-хуауэ, е я цьхьэгъуэхэр нэгъуэщI лъэпкъым щыщхэу. КъинэмыщIауэ, абы хэтэхэр зауэ нэхъыкIи зэгъуэгу Германием щыпсэууэ, итIанэ Америкэм къэIэпхъуэжа гупт, зэгухьэныгъэхэм щызэхэзэнырр яфIэфIу. ЩауэпщIыкъуэ Чэрим, Бзаущ Руслан, Куэбла Борис сымэ я унагъуэхэм фIэкIа адэри анэри щыадзэгъ унагъуэ щыIэтэкъым, адрейхэр лъэпкъитIу зэхэтт. Абы кьыхэкIыу, адыгэхэр кьэгъаз эмыIэу хамэм хэшыпсыхьыкIынкI зэрыхъунур кьафIэIуэхутэкъым абыхэм. Патерсонрэ абы и Iэгъуэблагъэмрэ щыпсэу икIи щылажьэ ди Хасэм щыIэхуэсхэм а бзылъхьым дызэрыпсэщIэтыну щIыкIэр кьэитхуэщIэртэкъым.

Кавказ Ищхъэрэм щыщ зэгуэхьныгъэхэм я лэжьэкIэм хуэм-хуэмурэ сыкIэпхьылIащ. Нью-Йоркрэ абы кьедза кьалэ нэхъ цIыкIухэмрэ куэд щIауэ щыпсэухэм я хасэхэм я унафэщIыр адыгэ гуащэ Натырбэ ФатIимэрэ куржы щIалэ Эристани Сидамонрэт. Эристани Поуркипси щы кьыщищэхури, зэхуэсыпIэ яхуэхъун хьэщIэщышхуэ щиухуат абы. А унэм пщыхьэщхьэшхэхэр, джэгуэхэр кьыщызэрагъэпэщырт. Зыгъэпсэхугъуэ зэманыр абы щызыгъэкIуэну зыфIэфIхэм ящыщу а Зэгуэхьныгъэм хэтхэм фIэкIа унэр яриттэкъым. Ауэ гу лъыптэрт ахэр зыри къызыфIэмыIуэху адэ-анэм я зэранкIэ хамэм яхэшыпсыкIы зи бзэр зыщыгъупщэжыпа щIалэгъуалэм я бэлыхьым зэримыукIыр. Ди хабзэри, ди бзэри, адрейхэм дакьыхэзыгъэщхьэхукI лъэпкъ нэщэнхээри хэкIуэдэжьын шынагъуэ зэрыщыIэр зэрепсальэр, уеблэмэ къэкIэлъыкIуэр. Абы я нэр кьыщыхьэрипхъуэри, афIэкIа мыадагъжу, мыгрузынмэ, американ цIыхубэм я жьантIэдзэхэм ящыщу зыкьытхьэщIыжьын щIадзат. Езыхэр кьэзыухъуреихь, а «американкIэ» зэджэж цIыху зызыхэзышхэр инджьлыз, нэмыщI, франджы хуэдэ лъэпкъ гуп-гупу зэхэщIауэ зэрыщытыр зыгурагъэIуэну хуейтэкъым. Зыкъомрэ си гур ящIэуэу сахэпIащ абыхэм. Нэгъуэщым къахуищIа ехъулIэныгъэрэ мылъкукIэ япэутэукъым ахэр кьызэрыпцIэр.

Бэхъерйн лъэIуакIуэ сызэрыкIуар

ТХЬЭМАХУЭМ щIигъу сфIихьащ Бэхъерйн Юстицэмрэ исльам Iэхуэхэмкlэ и министрым сыхуэзэнным. Си дэфтэрхэм епльри, Афганистанымрэ Палестинэмрэ зауэ зэрыщекIуэкIым къыхэкIыу, мылъкукIэ кьызэрыдэмыIэпыкъуфынур пхъашэу кьызжиIащ. Абы жиIар пэж кьыщIэкIынт, ауэ сэри си жагъуэ мыхъуу кьэнакьым. «Псори мы министрым хуэдэу кьызэпсалъэм, сэри напэ сиIэу Iуэхур зыфIэзмыгъэкIауэ згъэзэжьну?» - жысIэрт сигукIэ.

Кьыкlэлъыкlуэ пщэдджыжьым студент щIалэ Гъусэ кьызысчауащIри, дин зэгухьэныгъэ гуэрым сашащ. Сызыхуэзахэр гуапэ дыдэу кьызсIущIахэт, ауэ аргуэрым мылъкукIэ зыми зэрызыщIамыгъакъуэр кьыкагъэщащ я жэуапым: «КъурIэну кхъухькIэ пшэфынум хуэдиз уэттынщ, ауэ ахьшэкIэ дыбдэIэпыкъуфынукъым». Сэ занщIэу яжесIащ сыкьыщIэкIуар мэжджьтрэ ди зэгухьэныгъэм зэхуэсыпIэ хуэхъун унэрэ зэрыдухуэн ахъшэ кьэслъыхьэну зэрыарар. МащIэми сызэрыщыгуфIыкIынур, ауэ дрикъун хуэдизу Америкэми щыдгъэзт КъурIэн тхьилъэр зэрасшэн Iэмал зэрыхэмыIар...

ЕтIуанэ пщэдджыжьым Iимам Аат Алий кьакIуэри а щIыпIэм щыпсуэ шейх гуэрым деж сишэну сыкьигъэгугъащ. Шейхыр гуапэу кьытIущIэри, и ныбжьэгъум деж щызэхуэсхэм дахишащ. Псори зэхэту цIыху 30 хуэдиз хъурт, исльам факультетым и декан Мэхьмуд Абдул ЛатIиф я жьантIэм дэсу...

Зэуэ гупым щыщ гуэр кьэпсалъэри кьызэупщIащ:

- Адыгэ псори муслъымэн?

ЕтIуанэу кьызэытрт а упщIэр. Генерал Шэрифф Омранрэ профессор Мэхьмудрэ хуит зыкьезгъэщIри, кьызэупщIам зыхуэзгъэзащ: «Апхуэдэ упщIэм зэранигъэ хэшишу кьысфIощI, щIалэ, - жесIащ абы. - Профессор Мэхьмуд мыбы Америкэм мэжджьт зэрыщыитщым мылъку кьэслъхьэуэ сыкьызэзгъэкIуар кьызжиIам тлъэхъэну мурад умыщIамэ, «кьысхуэгъэгъу» кьызжепIэну схуэфащэщ».

«Хьэуэ, хьэуэ, кьуэш, Алыхь Лъагэм апхуэдэ гукъэкI сщIыным сыщихъумэ. Ауэ сэ сытхьидэжщ, адыгэхэм ятеухуауэ зыгуэрэхэм седжащи, сфIэгъэщIэгъуэну аркъудейщ», - трилъэфэжащ абы жиIар.

Сыхуейтэкъым абы «кьуэшкIэ» седжэну. «НтIэ, тхьдэм кьигъэув щыхьэтхэр пщIэну щыхьэпэщ, - жесIащ. - Адыгэхэр зэрыщыту муслъымэн лъэпкъщ, илъэси 100-кIэ Мухьэмэд Бегъымбарым и ныпым щIэту урысхэм ежьэуауэ». ИужьреймкIэ тIэкIу щIэзгъэтхъэIуат, ауэ нэхъ сакьыдПIэуэхун щхьэкIэ дыщIызгъуат ар. «Урысхэм кьрагъэкIуэта нэужь, джаурэм я унафэ щIэмытын папщIэ, я хэкур ябгынэри, Тыркум Iэпхъуэщ адыгэхэр. Абдеж щежьэри хуэм-хуэмурэ муслъымэн кьэралхэм нэсащ: Сирием, Иорданием, Палестинэм, Мысырым». Абдежым генерал Хьымыщ Омран щхэуу адыгэбзэкIэ еупщIащ: «Хьуну жаIэр, ныбжьэгъу?» «Дагъуэ дыдэщ», - жиIэри кьызэрIэуващ. «Адыгэхэм нэмыщIамэ, зы хьэрып дунейм кьытенэнтэкъым!» - кьыпищащ абы си псалъэм.

Абдежым профессор Мэхьмуд нэмыщI, щIэсу хьуар кьэуIэбжьащ.

«Сыт апхуэдэу щIыжьпIэр, зиусхьэн?» - щIэупщIащ тхьдэджьр.

«Тамерлан ЩIамыр кьыщиубыдам щыгъуэ, кьалэм жьулъугъуэу дэсыр зэтриукIэри, я щхьэхэр пирамидэ щыкIэу зэтригъэсыжат, - жиIащ Хьымыщ генералым. - Ардыдэрат монголхэм хьэрып кьэралхэм иращIэнур адыгэ мамлюкхэм Тамерлан Сириием ирахужаку щымытамэ».

«Тхьэ соIуэ мобы жиIэр пэжкIэ!» - жиIащ абдежым тхьдэджьм. «Тхьэм махуэ тхуищI!» - кьызжиIащ Хьымыщ Омран, и гур зэгъауэ и тIысыпIэм кьэкIуэлIэжри.

Айдемыр Иззэт и гъусэу Анкара сызэрыщыIар

АЙДЕМЫР Иззэтрэ и щхьэгъусэмрэ, я ныбжьэгъуэхэр кьадэщIыгъуу, махуэ кьэмынэу сыхьэтпищIым щегъэжьауэ жэщыку хъуху ди Iуэху зэрахуэрт, Iэгъуэблагъэм ит адыгэ кьуажэ щхьэхуэхэм дашэу, нэхьжьыIуэхэм, Кавказ Ищхъэрэм щыщ жэкIлIхэм дыхуагъаззу. Нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщт Анкара дэс Дэгу Къэсейрэ дохутыр Гуэар Уэсфирэ. Сыт щыгъуи дызыгтепсэлъыхьри дыщыщэдаугъэри адыгэхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм щыщ адрей лъэпкъхэмрэ хамэ щыIэм къащыхукъэкI Iуэху зэфIэхыгъуейкэрт. Псори зэакьылэгъут хамэм хэшыпсыхьын шынагъуэр зэрыщыIэмкIэ, ауэ, дызыщыщыим елъытауэ, щхьэж хэкIыпIэу илъагъумкIэ дызэщхьэщыкIыпт. Тыркум щыщ си ныбжьэгъуэхэм я епIыкIэмкIэ, зы зы лъэпощхьэпо ди гъэгъум текIынукъым, щхьэж езыр зэрыс къэралым и унафэщIэм я деж адыгэ Iуэхур зэрыщыпхигъэкIыным иужь имытмэ. Дызэрыс хэгъэгухэм ис цIыхухэр щэнхабзэ, щIэныгъэ, цIыхубз зэхэзекIуэ хуэдэхэмкIэ нэхъ тыншу кьытхудэхьэхыну, ди бзэр, ди хабзэр дагъэхъумэжмэ, ар лъэныкъуитIми кьызэрыгъэщхьэпэнымкIэ акьылэзэгъуэ щыIыфыну кьызыщхьэрт сэ. Дэ кьэралым кьэс щыхьэт наIуэ щыдгъэIуащ. Тыркум щыщ ныбжьэгъуэхэм я цIыху пэж кьызэрыпхъуэщIыкIыр, цIыху хахуэ кьызэрызэфIигъэувэр, щIыхь зыбгъэдэлъ бзылъхъугъэхэми хъулъхъугъэхэми яхуэфащэ пщIэр ди зэхэтыкIэм кьызэрихьумэр уи фIэщ ищIу. Псалъэм папщIэ, Урысейм, Иорданием, Сириием, Тыркум абы теухуауэ щапхъэ куэд щызэокIуэ. Абы кьызэхIыну, хабзэр кьыпхъэзылъхьэ гъэсэныгъэм и лъэныкъэр бзэрауэ зэрыщытыр, ди хабзэр, ди псэукIэр кьагурыдгъэIуапхъэщ. ЛъэныкъуитIми ар зрагъэщIэным фейдэ зэрыхахынур наIуэ щыщтщIын хуейщ. Ди бзэр, ди хабзэр тхъуэмэжьну кьыздэIэпыкъухэмэ, езыхэм я кьэралхэм адыгэхэм нэхърэ нэхъ цIыху вэгъэзгъэ имыс хьунущ. Тыркум щыщ си ныбжьэгъуэхэм ар кьысхуадэтэкъым, сыжьIэзыфIэщыIуэу жаIэт, итIанэ со си епIыкIэр зэрыпхъэзгъэкIыным сыхущIэкъыжьт, ар зэпэщIэтыныгъэ кьэзыщэнкIи хьуну кьарум тещIыхьа политикэм нэхърэ нэхъыбфIу кьэслъытэу.

Мэзкуу таможнэм дыпхыкI зэрыщыIар

ХЭКУР зэрызбгынэрэ хъуэпсанIэ нэхъ ин дыдэу сиIэр сыкъыщалъхуа щIыпIэм сыкIуэжу си благъэхэр, си ныбжьэгъуэхэр зэрыгъэльу Iэплlэ яхуэсщIынырт, сабиигъуэм щегъэжьауэ фIэкIа пхузэпымыщIыну кьуэпсхэм я кьарур, нэгъуэщI мыхъуми, дакьикъэ закъуэкIэ зыхэсщIэн папщIэ. Ауэ 1970 гъэхэм щегъэжьауэ си хьуэпсапIэм сытелэбэну Iэмал кьыщыкъуэкIым, шынэ кьыспкърыхьащ. Си благъэхэмрэ си ныбжьэгъуэхэмрэ ядесхьэкIыну зэман кIэщIым сригуфIэным и пIэкIэ, жащи махуэ сыгъыу сабгъэдэсынкIэ сыгузавэрт.

КьыззрящIэкIымкIэ, ушынэщхьэкIэ, ухъуэпсэн къанэркъым. Си къуэш Нэджиби си ныбжьэгъу гуэрхэми сытрагъэгушхэрт сыкIуэжу нэгъуэщI мыхъуми зэман кIэщIкIэ си Iыхьлыхэр ззэгъэльэгъуну. Сухьэди Хэкум дыкIуэу си благъэхэр езгъэщIыхуным зэрыщIэхъуэпсыр кьызиIуэкIырт. Езым 1975 гъэм Амман щыщ адыгэ турист 70-м яхэту ежьэри, Мэзкуу, Бытырбыхуи, Бжьэдыгъуэкъали, Мейкъуапи, Налшыки зыщилпIыхьакIэт...

Мэзкуу дэт таможнэм дынэсу хьэпшып кьэпщытапIэм ди чэзум дежьэу дыбгъэдэува нэужь, ныбж нэхъ зиIэ клерк гуэр здыщIэс щхьэгъубжэмкIэ сыплъэн щIэздзащ. Авиабилетхэр кьыщыщсэхуэ бюром апхуэдэ чэнджэщ кьыщызатат, нэхъыжьыуэхэр нэхъ щабэу кьыпхущытыныщи, абыхэм захуэгъаззэ, жаIэри. Ауэ дыхэдэным дынэмыс щIыкIэ, Сухьэдрэ сэрэ лэжьакIуэ гуэр кьыдбгъэдыхьри, зы цIыхухъурэ зы цIыхубзрэ зыщIэс блэкIыпIэм дыбгъэдишащ. Сэ гуапэу сэлам есхьну сыхуэжьащ, цIыху кьаугъэншэу закъыщызгъэхьун папщIэ, ауэ си сэламым жэуап кьратыжакIыт.

Хьэпшып здэтхьэжьахэм щыщ зыбжанэ тIахащ: джинс щIыхуих, фэм кьыхэщIыкIа цIыхубз бэлътоуих, стереопроигрываателит, вакъэ зыбжанэ, шылэ лъэпэдпщIым нэс, цIыхьарих, кьинэмыщIхэр. Абы иужь, офицерым ди хьэпшыпхэр щызэтекIута пэшым дыщIишэри, Iэнэм кьыттщIугфIыкIыу бгъэдэс бзылъхугъэм дызыигъзащ.

Урысыбзэкlэ сэлам есхри сыхуэтхьэусыхащ: «Мыр тщэн щхьэкIэкъым кьыщIыздэтщтар. Илъэс куэд хьуауэ сымыIыпIэгъуэ си Iыхьлхэмрэ си ныбжьэгъуэмрэ тыгъэр яхуэсхьу аращ. Абыхэм я пащхьэ IэнэщIу сихьэфынукъым апхуэдизи илъэскIэ сымылъэгъуауэ. Си щхьэгъусэми и Iуэхур аращ зыIутыр. Сыт ар таможнэм щылажьэхэм кьащIыгурымIыуэр?»

Тхьэмыщкlафэ стет хъунт сыщIипсалъэм. Урыс цIыхубзми и нэпсхэр кьызэпижьыхьащ кьызэдэлъху. «Дэ ди къэралым игъэува хабзэм дытемыту хьунукъым, ныбжьэгъу! - жиIащ абы. - Си фIэщ хъурыкъым Iыхьпыщ здэпщэхэр егъэлеяуэ зэрыпIапIэр умыщIу. ЩIылъапIэр фэ фи къэралрэкъым, дэ ди къэралым, псом хуэмыдэу Мэзкуу». ИтIанэ фэм кьыхэщIыкIа цIыхубз бэлътохэм язымкIэ игъэлъагъуэрэ жиIащ: «Псалъэм папщIэ, мы бэлътоуэ уэ доллар щиплI нэхъыбэ ептакъым. Ауэ абыхэм ящыщ дэтхэнэ зы ри мыбы доллар миным щIигъкIэ щыпщIэжьыкIынущ. Джинсхэми, стереосистемэхэми, вакъэми, цIыхьарми, адрей хъэпшыпхэми араща я Iуэхур зыIутыр». ЗэпIэкIри, офицерыр зэрыуклам щыхьэт техъуа нэужь, жиIащ: «Мыхэр блэпхьн папщIэ я таможнэ уасэр ептыныр делагъэщ, и уасит пIаныкIи хъунущ. Ауэ урыс ахъшэ къэзытIи щIыхуегъэ Мэзкуу ущиIэмэ, сэ зырэ нэхъыбэкIэ пхузэгъэмэщIэнщ».

КьыздэIэпыкъуну гукъыдэж зэрелам щхьэкIэ фIыщIэ зэрэщIри, жесIащ Мэзкуу зэи ныбжьэгъу зэрыщыIэмыIар, зыгуэрым ахъшэ щIыхуэ къелысхьи жьыхуэпIэм и гугъу умыщIыххэ.

Мухьэжыр Iуэхум теухуа союзпсо конференц

А КОНФЕРЕНЦЫР Совет Союзым хахуагъ хэлъу кьыщыщэзграгъэпэщащ зэIущIэхэм язт. Абы дыхэтын щхьэкIэ, Сухьэдрэ сэрэ пщыхьэщхьэм Налшык дыкъакIуэри, «Нарт» хьэщIэщым дыщIэтIысхьат. Кьыкlэлъыкlуэ пщдджьжьым зэIущIэр щекIуэкIыну Налшык дэт университетым деклуаIэри, ялпэ сатырым, зэхуэсыр езгъэщкIуэкIэхэм дапэгъунэгъуу дагъэтIысащ. Президиумым профессор Лъостэн Владимир, Ефэнды Джылахъстэн, Къуэдзокъуэ Анатолий, «Хэку» зэгухьэныгъэм и унафэщIхэу мазэ зыбжанэ ипэкIэ да деж щедгъэблагъахэр хэтт. А зэIущIэм жьыджэру хэтахэм ящщ Хьэфыщ1э Мухьэмэд.

1990 гъэм махуэпIкIэ екIуэкIащ а конференцыр. Совет Союзым къиубыд щыналъэ псоми кьыкIауэ, псом хуэмыдэу Кавказым щыщ щIэныгъэлIхэу, къэрал, цIыхубз лэжьакIуэхэу 200-м нэсрэ, дуней хуитым щыщ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэхэмрэ хэтащ абы.

Къэпсэлъа псоми нэхъыбэу зи гугъу ящIыр зыт: «Кавказым, псом хуэмыдэу Кавказ Ищхъэрэм, щыщхэмрэ адыгэхэмрэ я хэкур езыхэм я гукъыдэжкIэ ябгына, хьэмэрэ пащтыхь Урысейм Рыбтрыбхуи, Бжьэдыгъуэкъали, Мейкъуапи-Кавказ зауэ нэужьым пщыгъэкIэ иригъэкIа?»

Зэрыгурыуэгъэщи, куэд дэмыкIыу конференцым Iэхуу епльыкIитI щыгъэпщIэуващ. Щыхьэрымрэ хэралым и щыIипIэ пхыдзахэмрэ кьыкIахэм бгырысхэр езыхэм я гукъыдэжкIэ Тыркум зэрыпэхъуэр пхагъэкIыну хущIэкъурт. Ауэ щыхъукIэ, Кавказым щыщхэм я нэхъыбэм кьимыкIуэту ахэр пащтыхь Урысейм льэщыгъэкIэ хигъэзыхьэу тхыдзкIэ кьалтыс хэкум зэрыригъэкIар жаIэрт. Абыхэм я Iэхуу епльыкIэр хахуэу зэрыпхахэкIыр укъэзыхьэху, Совет Союзым игъащIэм щамылъэгъуа гуэрт. Сыхьэт бжьгъэкIэ сыдих

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Апхуэдэ къыщыхъур зэзэмызэщ

● Гъэщіэгъуэнщ

Къэзахъстаным и президент Назарбаев Нурсулътіан и къулыкъум зэрытекіам дригъэгупсысащ, тхыдэм урипльэкмэ, езыхэм яфІэфІу апхуэдэ зыщІар зэрымащІэ дыдэм.

ЯПЭ ИТЫР Суллэ Насыпыфіэрщ (ди эрэм и пэкІэ 138-78 гъэхэм псэуащ). Къаруго гъэпщІагъэкІэ Рим иубыда иужькІэ, аз залым дыдэ хъуащ, уеблэмэ, сенаторэр ирихуІащ сыт илэжьыи хъуну хуит зыщІ унафэ къащтэну. И ныкъуэкъуэгъу, къемыдаІуэ псори зэтриукІащ. Абы и зэманым утыкум цыхэтІа пкъом къыщыфІадзэрт «Рим и бийхэм» я цІэ-уэнэцІэхэр. Апхуэдэхэм гъащІэ яІэжтэкъым. ЖьытІэнщи, абыхэм яхэхуауэ щытащ иужькІэ император цІэрыІуэ хъуа Цезарь Юлий. Суллэ игу зэбгъа цІыхухъым и пхъур иригъэкІыжьын щимыдзэн, Цезарь зы илъэскІэ кърахуэкІат, зы щІыпІэм зэкІэлъыкІуэу тІэу нэху къыщемыкІыу. Сытми, къелащ.

ЛІэным зы илъэс иІэжу, зыри пэмыплъауэ, и къулыкъум текІащ, ищІа псори зэхилъхьэжыну хуейуэ жиІэри. ЩхьэхъумэкІэ зригъэгъусэртэкъым. Рим якІалэрт цІыху яхъзэрригуэкІыу. Абы гукъэкІыжкэр зэрыт тхылъ 22-рэ къыгъэнащ.

Рим и император нэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм ящыщ Диоклетиан (224 - 311) и адэшхуэр пщыІу щытащ. ЗауэлІ къызэрыгуэкІыу дзэм хыхьащ. И ныбжьыр илъэс 40-м иту пащтыхь хъащ. Аращ императорым и зэфІэкІыр мардэнщэ зыщІар. Илъэс 20-м къриубыдэу империем и гъунапкъэхэр игъэбыдащ, Іуэхуэхр апхуэдизу зэпэщу зэрихьэрти, цІыхухэм жаІэрт: «Диоклетиан дыщэ лІэщІыгъуэр къызэдишащ». Чыристанхэр зэхэзехуэн ищІащ, сондзджэрхэм япэщІэтащ, хъэпшыпІ ерыскъыкэІ миным щІигъум я уасэкэр яхъуэж мыхъуну игъэуващ. 305 гъэм и къулыкъум текІри, щалъхуа щыІанльэм - Иллирием (иджырей Хорватием) - кІуэжащ. Къигъэзэжу Рим и императору увыжыну щелъэІуам къажриащ: «Сэ къзэгъэкІа къэбистэр флъэгъуамэ, апхуэдэ делагъэкІэ фыкъыскІэрыхьыжьэнтэкъым».

Карл Етхуанэр (1500-1558) Рим и императору, апхуэдэ дыдэу Кастилиеми Арагонии, уеблэмэ, нэгъуэщІхэми я пащтыхьу щытащ. Арат Европэм и пащтыхьхэм ящыщу нэхъ гъэфІэ дыдэхэм ящыщ. Къудрэ зэуащ, екъулІэныгъэхэри къихьащ. Магеллан и гупыр иригъэжащ. 1555 гъэм узэхэм ягъэхьщІэу щыхуежьэм, езым и къуэм кІыхьиугъэнащ япэщІыкІэ Испаниемрэ Нидерландиемрэ, и къуэшым - Австриер. Апхуэдизу зэфІэкІ зыбгъэдэлъа цІыхум и гъащІэр къулъшырыфым щиухащ.

Къудыр щыгъуазэкъым, ауэ Константин Езанэр махуэ 25-кІэ - 1825 гъэм щэкІугъуэм и 19-м къыщыщІэдзауэ дыгъэгъазэм и 13-м нэсыху - Урысейм и пащтыхьу щытащ. Хэбгъэзыхьмэ, ахъшэ къыдагъэкІырт абы и сурэт тету. Жылагъуэр хуэарэзыт. АрщхьэкІэ езы Константин пащтыхьу щытыну хуейтэкъыми, бжабгэр Николай Езанэм Іэщіыхьащ. Ар ямыдэу зыкъалэтауэ щытащ декабристхэм.

Инджылызым и пащтыхь Эдуард Еянэр (1894 - 1972) и къулыкъум текІын хуей хъуащ, езым фІыуэ илъэгъуа цІыхубзэр къишэн щхьэкІэ. Ар тхыдэм къыхэнащ Рейн областыр нэмыщІ фашистхэм зэрыригъэубыдам къыхэкІыу. Езыр Гитлер и телъхъэ ерут икІи нэмыщІхэм ялъ зэрыщІэтым иригушхуэрт.

«Хунтэ» псалъэм испаныбзэкІэ къикІыр «зэхуэс» къудейщ. Ауэ ар щхьэфэщыр зыгъэтэдж хъуащ Пиночет Аугусто (1915 - 2006) и зэманым. Абы социалистхэм я правительствэр тридзри, властыр бзаджэнаджагъэкІэ иубыдащ. И бий нэхъыщхьэу зыхьыгъэ Чилим и коммунист партыр. Пэжщ, Чилим и цІыхухэм я псэуКІэр иригъэфІэкІуащ хэщІыкІыу. Ар 1990 гъэм езым фІэфІу и къулыкъум текІащ. 1998 гъэм Лондон и сымаджэщым щІашри, ягъэтІысащ, цІыху куэд зэрызэтрыригъэуКІам къыхэкІыу. ПсэуухуІэ зэхэзехуэн ящІащ.

Урысейм и япэ Президент Ельцин Борис 1999 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м жиІа псалъэхэр куэдым ягу къинжащ: «Сэ сешащ. Сэ сытокІ. Урысейр дыздынэса илъэс миныщІэм хыхьэн хуейщ политикыщІэхэр, цІыху губзыгъэхэр икІи жыджэрхэр и гъусэу. Илъэс куэд хуауэ властыр зыІыгъ дэ дыткІын хуейщ».

Иджы мис Назарбаевыр. Ауэ ар и къулыкъум зэрытекІар нэгъуэщІущ. И къулыкъум щытекІым Ельциным кІыгъэувар зы заКъуэу: и унагъуэм емыІуэсну. Назарбаевыр Дзэ Сюпим и щапхъэм ирикІуащ: властыр ІэщІамылъыжьми, пхъэкІыныгъэшхуэ кІызысыхуигъэнащ: унафэщІ партым и Іэтащхьэщ, и пхъур парламентым и спикерщ (къэралым щыетІуанэ цІыхущ).

А рогуо дигу кІыигъэкІыжащ Къэзахъстаным щекІуэкІа зэхъуэкІыныгъэм. Абы ижь Урысейм къыщІихункІэ хъуну? Хъунукъым. ЖьытІэнщи, Назарбаевыр текІынымрэ абы и пІэм Токаевыр иувэнымрэ егъэщІылІа дауэдапщэ псори зэрекІуэкІар урысыбзэкІэщ. А бзэмкІэщ ди гъунэгъу республикэм къэрал Іуэхухэр зэрыщІэзэрахьэр.

«Уасэхэм хэхъуащ!» псалъэхэм дэ десэжащ, нэху дыкъекІамэ, ди напэр зэрыттхьэщІым хуэдизу. Хэбгъэзыхьмэ, дыполпІэ. Ар фІэкІыпІэнщэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, щыдагъэр - «дыщэ фІыцІэр» - зыІэрыхьахэм ар нэгъуэщІ къэралхэм нэхъ лъапІэу щащэмэ нэхъ къащтэнущ, ди деж пуду щрагъэкІ нэхъри. Уасэхэр къэхуэхами, дыхилъэфанущ - олигарххэм яфІэкІуэд ахъшэр ди дежи щрагъэкъужьи хуейщ. Сыт хуэдэу щымытми, фэ фрихьэлІа уасэхэр къыщехуэха? Псом хуэмыдэу аэр хъиим щикІыр гъатхэмрэ бжьыкъэмрэщ. АрщхьэкІэ щыІащ нэгъуэщІ зэмани.

1949 гъэм гъатхэпэм и 1-м, «Правда» газетыр къыдэкІащ и пэрыт тхыгъэм мыпуэдзэ псалъэхэр хэту: «Большевик партымрэ совет правительствэмрэ мы Іуэхумкіэ къагъэлъэгъуащ гуащІэрыпсэухэм, абыхэм я псэуКІэмрэ щэнхабзэмрэ ефІэкІуэным я нэІэ зэрытрагъэтыр».

Зи гугъу ищІыр къэралым уасэхэр зэрыщІагъэхуэхырт. Ар икІи япэуэтыкІыу - япэр 1947 гъэм и дыгъэгъазэм ахъшэр зэрызэрахъуэкІам къыдэкІуат. Пэжщ, абы щыгъуэм зауКъуэдиищакъым: щІакхъуэмрэ хьэжыгъэмрэ процент 12-кІэ, макаронхэр, крупахэр, пивэр (мыр абыхэм къащІыхьэхутар зыми ищІэркъым) проценти 10-кІэ нэхъ пуд хьуат. Лым, бдзэжьеИм, дагъэм, фошыгъум, шыгъум, аркъэм, шагъырым, мафІэдзым, щэкІ зэмылІэужьыгъуэхэм я уасэкэр зауэ зэманым зэрыщытам хуэдэу къагъэнат.

ЕтІуанэу уасэхэр щагъэхам, жьпІэнурамэ, ахэр ещІэтхырт - ику иту процент 20-кІэ! Пэжщ, ар зи чэзу къудейт: Хэку зауэшхуэм иужькІэ СССР-м зэкІэлъыкІуэу уасэхэр хэнейрэ (!) щрадудахащ, 1953 гъэр къасьхуКІэ. Апхуэдэ нэхъыбэу къыщыхъури ГъатхэпэрТ е мазыкъыхьыт. 1953 гъэм мазыкъыхьым и 1-м аэр хэм хуэмыдэу къехащ, арщхьэкІэ Сталиныр мыпсэужами, абы и унафэхэм тету псори ящІат. СССР-м и Іэтащхьэм и мурадт къэкІуэну зэман мыжьжьэм цІыхухэр псэун папщІэ нэхъ зыхуей ерыскъыхэр, хьэпшыпхэр (псалъэм и хьэтыркІэ, щІакхъуэр) пщІэнщэ ищІыну.

АрщхьэкІэ Сталиным и ныбжьыр илъэс 70 щІидкІыу гъэм апхуэдизу куэдым я уасэхэр ирагъэщэтхати, цІыхухэр, уеблэмэ, щхьэнхэзэ ящІат. ЯзыныкъэхэмкІи арэзыт-къым. Къапщтэмэ, ЦК-м пропагандэмкІэ и кІудамэм и унафэщІ Шепилов Дмитрий Сталин Иосиф и гъусэу унафэм зи Іэ щІэлъ Маленков Георгий хуитхауэ щытащ, къиргъуэвырт: «КъэкІыгъэ пасэхэр зымыгъэхьэзырхэр хуит мыщІын уасэхэр сыт хуэдэ ІэмалкІи къаІэтыну».

Мис апхуэдэ «жьгъейхэмкІэ» зэрахьащ совет экономикэр. Абы гу къыщылъатащ нэгъуэщІ лъэныкъуэкІи. Американ социолог цІэрыІуэ Барингтон Мур 1954 гъэм итхыгъащ: «Совет экономикэ уху кІэр апхуэдэу гущІэгъуншакъым СССР-р индустрие къэрал зэпэщ щищІам щыгъуэ. Псори зэфІэзыгъэкІар коммунистхэм я пашэхэрщ. Ахэращ зи нэІэ щІэтар хьэрыкэтыщІэ лэжьыгъэр. Ахэр къаруушхуэщ, ауэ кІуэдыжмэ, зэзыхъуэкІын ягъуэтынукъым».

СССР-м я зэманым лъэщу зиужьыт уасэхэр зэрыгагъахьи и фІыгъэкІи. 1949 гъэм къыдэкІа унафэм къыщыгъэтІысащ: «Уасэхэр едгъэхуэхыу зэрыщІэзддзэу белджильы хуащ сомым къыщІэкІыр зэрыдэкІуеяр, ар хамэ къэралым ахъшэхэм нэхъ зэрапэщІэувэфар».

АтІэ зауэ нэужьым яхуэзэфІэкІыу щытам хуэдэ щхьэ яхуэзэфІэмыкІрэ Урысейм и иджырей властхэм?

Абы и щхьэусыгъуэр къыдгурыгъэІуащ Москва и Къэрал университетым и экономикэ факультетым и доцент Ломкин Александр:

- Сталиным и зэманым дзэм Іуэхущ Іанімэ хуагъэувырт продукцэм и щыпщІэр ягъэмащІ ну. Зэрыщыту къапщтэмэ, аращ Хэку зауэшхуэм экономикэ и лъэныкъуэкІэ дызэрыщІекІуар зи фІыгъэр. Къэрал план ухуэкІэм зэи кІигъэхуэнутэкъым Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэщхь продукцэ ягъэхьэзырыну. Псори зэпэщэчат. Абы къыхэкІыу тыкуэныщхуэхэм хьэпшыпхэр иджы хуэдэу щызэтрихьэртэкъым. Къэралым щэхуэкІуэхэмрэ я зэхуэду дэлэл гъэрхэр дэттэкъым.

Илъэс 70 ипэкІэ экономикэр зыхуэлажьар къэралыр, щыхуэхэрт. Иджы хьэрычэтыщІэхэр зыхуэлажьэр хэхъуэрщ. Ахэр нэхъыбэхуКІэ я Іуэху къокІ. Хэбгъэзыхьмэ, мылъкур къэзылэжь цІыхухэр ялъагъуэйыркъым.

● Бгы спорт

ЩІыналъэм зрагъэужь

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІащ «Золотой козерог-2019» мылыІэ бгыхэм дзкІынымкІэ къэралпсо чемпионат. Абы хэтащ Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ къалихым, Дон Іус Ростов, Мэзкуу щыщ спортсмен 36-рэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къызэрагъэпэщащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и щІэныгъэ-спорт центрымрэ «Къэрэдей-Шэрджэсым туризмхэмрэ» спортымрэ зэщІэгъэжьыным щІэгъэкІыжьын хуэхъу центр» щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ. Зэпеуэзэр щекІуэкІащ Домбай псыкъелъэ щтахэмрэ Тырныауэз къалэм псымыжьыкэ «Тютюсу» ледодромым и лъагъуэхэмрэ.

Чемпионатыр щагъэхьэзыр, щрагъэкІуэкІ лъэхъэнэхэм гукъыдэж зиІэ псоми мылым зэрыдзкІыну Іэмалхэм ятеуха мастер-классхэр драгъэкІуэкІащ.

Судья нэхъыщхьэ Гребенюк Александр зэрыжиІамкІэ, чемпионатым и къалэн нэхъыщхьэу щытыр алльпинистхэмрэ мылыпІэ бгыхэм дзкІэмрэ я спорт Іэзагъым хэгъэхуэныгъ, спортсмен нэхъ пльщхэр наІуэ щыныгъ. КъышцынэмыщІауэ, зэхьэзэхуэхэр сэбэп хуохьу щІыналъэм и цІэр фІыкІэ Іуным, турист Іэмалхэр гъэкІуэтэным, КИФЩІ-м бгы спорт лІэужьыгъуэхэмрэ туризмэмрэ зыщегъэужьыным.

Чемпионатым щытекІуэхэмрэ къыщыхэжанакІамкІэ щІыхь тхылъхэмрэ саугъэт лъапІэхэмрэ ираташ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Футбол

Хьэщіэ егъэблэгъэгъуэм къыкІэрыхуахэр

Ди республикэм футболымкІэ и гъэмахуэ чемпионатым и етІуанэ джэгуГуэр щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтащ. Абы хьэщІэхэм я насып нэхъ къыщикІащ.

ЩЭБЭТЫР хьэщІэ егъэблэгъэгъуэу фІэкІа пщІэнтэкъым. А махуэм зэхэта зэІущІипІмэ хэгъэрейхэр зэхъуэкІуахэм я губгъуэм щаухуэпсащ икІи хагъащІэу зыми я жагъуэ ящІакъым. Апхуэдэу «ЛогоВАЗ»-м Нарткъалэ икІа «Нарт»-р зытригъэкІуащ, «Нартан»-р бжьыгъэшхуэкІэ «Автозапчасть»-м къыпикІуэтащ. Іыхьэншэ хъуакъым Псыкуэд щІыпІа «Малка»-мрэ Налшык кІуа «ХьэтІохъущыкъуеймрэ». Абыхэми очко зырыз здашащ.

Тхьэмахуэм хьэщІэ егъэблагъэгъуэр Къэхъун къуажэм щиухащ. Абы къэкІуа «Акъбащым» зыхищІащ мы гъэм къыздыхьха КъБР-м футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэмрэ нэгъабэ зыхэта ягъ дивизионымрэ я зэщхьэщыкІынигъэр зэрыниыр.

Ислъэмей къуажэми щагъэтхъакъым Шэджэм икІа «Къундетейр». Жьэуапнышэу топиплІ и гъэзэм къыхудагъэкІри, ари къэуІуІыпщыжащ. Прохладнэ еблэрэ «Тэрч-ри» Іыхьэншэу Джылахъстэчэм кІуэжащ. Псынэдахэ и закъуэщ хьэщІэхэм гуІэфІтешІэж щащІар. Абы «Налшыкым» текІуэнигъэр иришащ.

Адэкіэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и етІуанэ джэгуГуэум ящыкІуа бжьыгъэхэм: **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **1:3**, **«Нартан»** (Нартан) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **0:4**, **Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **«Малка»** (Малкэ) - **1:1**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«ХьэтІохъущыкъуей»** (ХьэтІохъущыкъуей) - **1:1**, **«Керт»** (Къэхун) - **«Акъбащ»** (Акъбащ Ищхъэрэ) - **4:0**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Налшык»** (Налшык) - **1:2**, **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **2:1**, **«Исльэмей»** (Ислъэмей) - **«Къундетей»** (Шэджэм) - **4:0**.

ХЬэТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2019 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. **«Автозапчасть»**	2	2	0	0	12-1	6
2. **«Керт»**	2	2	0	0	8-2	6
3. **«Энергетик»**	2	2	0	0	6-3	6
4. «Малка»	2	1	1	0	6-1	4
5. «ХьэтІохъущыкъуей»	2	1	1	0	2-1	4
6. «Нарт»	1	1	0	0	3-1	3
7. «Ислъэмей»	2	1	0	1	6-4	3
8. «Налшык»	2	1	0	1	4-5	3
9. «ЛогоВАЗ»	2	1	0	1	5-4	3
10. «Спартак-Д»	2	0	2	0	1-1	2
11. «Тэрч»	2	0	1	1	1-2	1
12. «Псыкуэд»	2	0	1	1	2-5	1
13. «Родник»	2	0	0	1	1-3	0
14. **«Акъбащ»**	1	0	0	2	0-4	0
15. **«Нартан»**	2	0	0	2	0-9	0
16. **«Къундетей»**	2	0	0	2	1-12	0

«КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ Іапіэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпаниием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпаниием, «КъБР-Инфо» хъыбарегъащІэ агентствэм, «Тетраграф» ООО-м я пэжжаКІуэхэр «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм адыгэбзэкІэ тхылъхэр гъэхьэзырыныр къыдэгъэкІыныжкІэ и къудамэм и унафэщІ **Джэрыджэ Арсен Хьэнахъуэ и къуэм** хуогуэавэ абы и къуэш **Джэрыджэ Мухьэмэд Хьэнахъуэ и къуэр** зэрыпІам къыхэкІыу.

ЗэкІэлъыкІуэу хэнейрэ

● Ар зэрыщытар

Сыт Сталиныр куэдым ягу фІыкІэ къыщІагъэкІыжыр?

«Розницэ уасэхэр зэрагъэмэщІам гуащІэрыпсэухэр къызэрыпэджжам теухуауэ»: «ЦІыхубзэм яхэтщ аркъэр апхуэдизу зэрагъэпудамкІэ мыарзэыхэр». Ар икІи гъэщІегъэнтэкъым: аркъэм и уасэр процент 28-кІэ ехуэхат. АрщхьэкІэ нэхъыщхьэр цІыхухэр зэрыгуфІэрт, фІыщІэ зэращІыр.

Абы къигъэлъагъуэрт партым сыт цІыхум и псэуКІэр ефІэкІуэным, псалъэ къудейкІэ мыхъуу, Іуэхукіэ и нэІэ зэрытригъэтыр. Къыщыщідзари зауэ нэужьыркъым. Псори дыззрагъэщынэ 1937 гъэм СССР-м и Цыхубэ комиссархэм я Советым жиІакІэт хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэм я уасэхэм зэрыкІэригъэхуэр. Лъэпэдэжр, щІагъэщІэлъхэр, щэкІэр, кІэлошхэр, сабий щыгъынхэр, тутынхэр процентэ 5 - 10-кІэ, патефонхэр, сабийхэр зэрыджэгу хьэпшып щыкІуэр, щхьэгъубжэхэм халъхъэ абджжэр процент 15-кІэ кърагъэхат. АрщхьэкІэ язынныкъэу уасэхэр ирагъэдыхьэт Іэуэльъауэшхуэм къамыІэту. Іуэху къызэрыгуэкІхэм хуэдэу ирагъэкІуэкІырт.

ЦІыхуэхм псэуКІэфІ, гъащІэ тынш къаухуэзгъэпэщышем зэрыхущІэкъуар псом хуэмыдэу халъагъуэ ВКП(Б)-м и ЦК-м 1931 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа унафэм. Фегупсысыт: большевикхэр ягъэпІейтей цІыхуфэм яхуриимыкъым: «ЦК-м къелытэ хадэжкІ пасэхэм я уасэхэр зэрыинир къемызэгъыу. Псом хуэмыдэу абыхэм зэрыщІагъур. Ар абы къелытэ зыгъэхьэзыр, сату зыщІ Іуэхущ Іапіэхэм щылажьэ коммунистхэм парт политикэр зэрызэрахьэкІ Іэмалу».

Зэрыгурыуэгъуэщи, а зэманым «зэгупсэкІыным» укъикІыну «цІыхубэм я биим» псынщІэу икІи тынш ухуэкІуэфынут. Арати, нащэ пасэхэм я уасэхэр хуэдитКІэ ехуэхащ. КІэнпейкІэ 30 и уасэ балыджэр кІэнпейкІэ 12-кІэ ящэ хъуащ, помидор килограммым щІату щыта сомрэ кІэнпейкІэ 20-м къыхэнэжар сом ныкъуэт (кІэнпейкІэ 50). Партым и унафэм мыпхуэдэуи къигъэувырт: «КъэкІыгъэ пасэхэр зымыгъэхьэзырхэр хуит мыщІын уасэхэр сыт хуэдэ Іэмалкіи къаІэтыну».

Мис апхуэдэ «жьгъейхэмкІэ» зэрахьащ совет экономикэр. Абы гу къыщылъатащ нэгъуэщІ лъэныкъуэкІи. Американ социолог цІэрыІуэ Барингтон Мур 1954 гъэм итхыгъащ: «Совет экономикэ уху кІэр апхуэдэу гущІэгъуншакъым СССР-р индустрие къэрал зэпэщ щищІам щыгъуэ. Псори зэфІэзыгъэкІар коммунистхэм я пашэхэрщ. Ахэращ зи нэІэ щІэтар къэрыкэтыщІэ лэжьыгъэр. Ахэр къаруушхуэщ, ауэ кІуэдыжмэ, зэзыхъуэкІын ягъуэтынукъым».

СССР-м я зэманым лъэщу зиужьыт уасэхэр зэрыгагъахьи и фІыгъэкІи. 1949 гъэм къыдэкІа унафэм къыщыгъэтІысащ: «Уасэхэр едгъэхуэхыу зэрыщІзддзэу белджильы хуащ сомым къыщІэкІыр зэрыдэкІуеяр, ар хамэ къэралым ахъшэхэм нэхъ зэрапэщІэувэфар».

АтІэ зауэ нэужьым яхуэзэфІэкІыу щытам хуэдэ щхьэ яхуэзэфІэмыкІрэ Урысейм и иджырей властхэм?

Абы и щхьэусыгъуэр къыдгурыгъэІуащ Москва и Къэрал университетым и экономикэ факультетым и доцент Ломкин Александр:

- Сталиным и зэманым дзэм Іуэхущ Іанімэ хуагъэувырт продукцэм и щыпщІэр ягъэмащІ ну. Зэрыщыту къапщтэмэ, аращ Хэку зауэшхуэм экономикэ и лъэныкъуэкІэ дызэрыщІекІуар зи фІыгъэр. Къэрал план ухуэкІэм зэи кІигъэхуэнутэкъым Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэщхь продукцэ ягъэхьэзырыну. Псори зэпэщэчат. Абы къыхэкІыу тыкуэныщхуэхэм хьэпшыпхэр иджы хуэдэу щызэтрихьэртэкъым. Къэралым щэхуэкІуэхэмрэ я зэхуэду дэлэл гъэрхэр дэттэкъым.

Илъэс 70 ипэкІэ экономикэр зыхуэлажьар къэралыр, щыхуэхэрт. Иджы хьэрычэтыщІэхэр зыхуэлажьэр хэхъуэрщ. Ахэр нэхъыбэхуКІэ я Іуэху къокІ. Хэбгъэзыхьмэ, мылъкур къэзылэжь цІыхухэр ялъагъуэйыркъым.

● Ставрополь край

ЯкІэлъыплъыну къегъэгугъэ

Урысейм и Премьер-министр Медведев Дмитрий зэІущІэ иригъэкІуэкІащ гъатхэсэм теухуауэ.

АБЫ СВЯЗЫМ и Іэмэпсымэхэмкіэ хэтащ къэралым и щыналъэхэм я Іэтащхьэр. Правительствэм и унафэщІым Жилаев щыщІэ псоми гъатхэ сэгъуэм зэрызэхуягъэхьэзырыр. Гъавэ зыщІэхэм къэралыр сом меларди 110-м нэблагъэкІа ядэІэпыкъунущ.

- Дэ дыщогугъ гъавэ бэвым, - кІыхьисгъэщхьэхуКІащ Медведевым.

Абы и псалъэхэм япэу пэджжащ Ставропольем и губернатор Владимиров Владимир.

- Ди щыналъэм бжьыхьэсэхэм щабубащ гектар мелуан 1,9-рэ, - кІыхьигъэбелджылыкІащ абы. - КъэкІыгъэхэм фІыуэ зыкъажьащ. Гъатхэсэм гектар мелуан хуэдиз кІыхьэщІиубыдэнущ. Гъавэ зыщІэхэр техникэкІэ, жьлэхэмкІэ, гъэсыныпхъэхэмкІэ ирикъуу кІыхьэгъэзэщащ.

Абы къыдэкІуэу Владимиров Владимир Премьер-министрым ельэІуащ гъэсныпхъэхэм я уасэхэм кІэлъыплъыну. БлэкІа илъэсым и пэщІэдзэм крайм зы тонныр икІу иту сом мин 44-рэ щиуасэт, иджы ар сом мин 49-м нэсащ.

- ДыкІэлъыплъынщ. Зыхуэфащэ ІэнатІэхэм унафэ яхуэтщІынщ, - къигъэгугъащ Медведевым.

● Украинэ

Дыхьэгъ икІи дыхьэшхэн

Ди гъунэгъу къэралым и президентым и кандидатитІым лъы зэрыхашар дызыщыгъуазэ дунейпсо спорт допинг къаугъэхэм ящхьэпрыкІыжащ: Порошенкэ жиІащ Зеленскэм и анализхэр пщІыуэ, абыхэм ар фадэмрэ наркотикхэмрэ зэратхьэкуар къамыгъэлъагъуэу.

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, Зеленский Владимир Украинэм и иджырей Іэтащхьэ Порошенкэ Пётр хуигъэлъэгъуащ Киев и стадион нэхъыщхьэм щыщэздэуэну. Мыдрейр арэзы хъуащ. ИпэІуэкІэ тІури зэгуряІуащ анализхэр ятыну. Порошенки Зеленскэми ялъэхэм фадэм и лъэужь къыщагъэтакъым. ИужькІэ Іуэхур дыхьэшэнхэм хуэкІуащ.

«Фэ лъэ зэрыфта щыкІэр телъыджэщ, - жиІащ дунейм боксымкІэ и чемпиону щыта Кличко Владимир (Киев и Іэтащхьэ Виталий и къуэшым). - Сэ илъэс щэщІкІэ апхуэдэ анализхэр стащ икІи абыхэм къарикІуахэр сыхьэт 48-рэ дэмыкІауэ хэщІжаІэртэкъым».

АрщхьэкІэ политикэр боксхэм.

Иджы етІуанэ Іэ Іэтыгъуэм ипэкІэ зэпеуэхэм хэтхэм я къарухэр зэрызэхущытыкІ я гугъу тщІыныр. Газетхэм зэратхъымкІэ, Зеленскэм запищІакІэщ Украинэм и мелардырыбжэ нэхъ лъэрызехьэхэу тхум. Мазэ ипэкІэ Зеленскэм и хэщІапІэм къэкІуащ Трамп и лІыкІуэхэр - американхэм къагурыІуащ абы и Іэмалхэр зэрынэхъ иныр. Иджы хьадрыщІым Порошенкэ я къущІадыІыгъыжьрэ. Аращи, куэдым шэч къытрахьэркъым артистым бжьыпІэ зэриубыдыжыр.

Апхуэдэу политикхэм къыхаГъэщхьэхуКІ Зеленскэр США-м и жьІэ зэрыщІэтыныр. Езым, зэрыжаІэщи, и щхьэ мыуэм боз иришэкІынущ, президент хъумэ. Къэралым и Іэтащхьэу зэрыхахыу абы къищІэнущ егъэджакІуэфІым и роль кином щыбгъэзэщІэн нэхърэ президенту улэжьэнхэр куэдкІэ зэрынэхъ гугъур. Къырыми Путинри апхуэдэу ерыскІыІуэхужьыныкъым. Газыр хъэщхыкІми щІэупщІэщэнукъым. АрщхьэкІэ гугъу нэхъ езыгъэхьынур Украинэм и президентыр украиныбзэкІэ фІэкІа псэльэну зэрыхуимыт-ырщ. Ар тыншкъым а бзэр фІыуэ щумыщІэм и деж. АтІанэ Порошенкэ хуэдэу Урысейр хьэм иригъэхьыну, Путиныр зэрыбзаджэр жиІэну къыхуаГъэувынущ. Абы ар хуэфІэкІыну къыщІэкІынущ - Зеленскэр актёр хъарзынэщ. АрщхьэкІэ уджэгунымрэ я къулыкъур епхьэкІынымрэ зэхуэдэкъым.

«Махуэкум» и къудэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Шотландие

Шотландием и щыхъэр Эдинбург мывэхэм къыхэщІыкІа псэуалъэхэм, пасэрей уардэунэхэм, чэщанэхэм я къалэщ. Мыбы цІыху мин 430-рэ щопсэу, ауэ а бжьыгъэм куэдкІэ хохьуэ зыплъыхьакІуэхэм я къэкъыІэ. Гъуэзджэхэм я Эдинбург фестивалыр Европэм къыщыхахьэжьы апхуэдэ Іуэху псоми иофІэкІ и къыщІэгъэпэщыкІэ дахэмкІэ. Ар икІи Шотландиер зыхьыхьэ Инджылызым и банк ин дыдэхэр щылажьэ щыпІэщ. Ауэ абы нэгъуэщІ къэралхэм щыщ цІыхухэр нэхъыбэу къезышалІэр и унэхэм я дахагъэрщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщіэпыдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщі Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иригъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхущхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапіэхэм ядолжэныкІэ - 42-60-53; зэныщІагъэмрэ щІыналъэмрэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зыгъэхъэм ящІэ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэтлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щІыгъдзащ.
КъБР,